

JÈM YO KAPAB VIV NAN POUSYÈ.

KI KOTE RISK LA YE?

Nou dwe konnen ki kote jèm yo ap viv pou kanpe l epi pwoteje pasyan yo



- Jèm ki viv nan pousyè ak atè. Fungus Aspergillus, se yon jèm nou jwenn souvan ki viv nan pousyè epi ki kapab lakòz gwo maladi lakay kèk pasyan ki pa gen yon sistèm iminitè ki fò, oswa ki gen pwoblèm nan poumon.
- Konstriksyon bilding yo kapab lakòz pousyè ak jèm nan lè a, ki kapab rantre nan etablisman swen sante yo.
- Ti konstriksyon ak pwojè antretyen ki fèt anndan yon bilding – tankou lè yo retire yon pati nan mi a, lè yo retire dal nan yon plafon, oswa lè y ap fè reparasyon nan kay – li kapab kreye pousyè ki gen jèm ladan l tou.

Jèm yo Kapab Viv nan Pousyè

- *Aspergillus*
- *Cryptococcus*

Tach Swen Sante ki Enplike Pousyè

- Konstriksyon
- Renovasyon

Mezi pou Kontwòl Enfeksyon pou Diminye Risk yo

- Netwayaj ak dezenfeksyon
- Vantilasyon
- Itilize pwoteksyon ak lòt ekipman konstriksyon
- Ijyèn men

